2. Mbok, reyang kate tuku gula nang nggone Wak Munah. Jangane ajo lali *dibumboni*. (A.1.13.b)
3. Yu Nah gik *bebumbu* nang pawon. Entenana sedhilut ae. (A.1.13.c)
4. Jangane mau wis rika *bumboni* paran. Durung nge Nah? (A.1.13.d)
5. Golek lombok *sabumbonan* ae kok ewuhe orak karuan he Yung. (A.1.13.e)

1.17 *sega*

1. Wong didangen *sega* beras pancet luwe-luwe ae. Neke didangen sega jagung paran? (A.1.14.c)
2. Lare semono iku pancen gik *semega*. Dadi yhe orak layak nake sega pira-pira entek. (a.1.14.a)
3. *Segane* nang endi, Mbok. Reyang luwe kiyi, lho. (A.1.14.b)

1.18 *rambut*

1. Wong ana *rambut* nang sega, rika kok orak weruh iku njare? (A.1.15.c)
2. Lare-lare saiki gik enom kok *rambute* wis putih. (a.1.15.a)
3. Mbok, lengane wis *ngrambut* terus paran? (A.1.15.b)

1.19 *gulu*

1. Ajo jero-jero, lho Min. *Sagulu* ae. (A.1.16.a)
2. *Gulone* klambine rika benerne dhingin. Nekuk iki, lho. (A.1.16.b)
3. Kebayake isun kiyi apike nganggo *gulon* paran? (A.1.16.c)
4. *Gulune* rika ana ulere. Menengan tak jupuke. (a.1.16.d)

1.20 *susu*

1. Apike disusoni dhewe ae. Bocahe isa seger waras lan ora usah tuku

susu. (A.1.17.b)

2. Lare wis semono gedhene kok gik *nusu.* Urak isin, ta? (A.1.17.a)
3. Apike *disusoni* dhewe ae. Bocahe bisa seger waras lan gak usah tuku susu. (A.1.17.b)
4. Rika wae sing *nusoni* dhikik. Ngenteni biyunge sida kaliren temenan larene. (a.1.17.c)
5. Apike *susonana* dhewe ae. Bocahe bisa seger waras gak usah tuku susu. (A.1.17.b)

1.21 *buntut*

1. Reyang perlu *buntute* sapi takgawe kebyok laler. (A.1.18.a)
2. Rambutira iku surenana *mbuntut* jaran ae cekne cepet. (A.1.18.b)
3. Layanganira gewehana *buntutan* cekne orak disambit liyan. (A.1.18.d)
4. Wis ta *mbuntuta* biyungira ae, engkok suwe-suwe rak metu picise. (A.1.18.f)
5. Ajo *dibuntuti.* Jarna sakpolahe ae. (A.1.18.d)
6. Layangane sira wehana *buntut* cek gak disambit liyan. (A.1.18.e)

1.22 *cucuk*

1. Wis adoh-adoh ndadak olehe orak *nyucuk,* lan payahe. (A.1.19.a)
2. Yung, Biyung berase *dicucuki* pitik kiyi, lho. (A.1.19.b)
3. Sikilira catu. Ati-ati neke *kecucuk* Bagong. (A.1.19.d)
4. Iki lho *cucuken* neke *cucukira* kepengen kepulut? (A.1.19.e)
5. *Cucuke* si Bagong njare, Pak, kok abang breh? (A.1.19.f)

1.23 *kembang*

1. Latare ditanduri *kembang* werna-werna. (A.1.21.a)
2. Tulung, Man, klambi *kembangan* kiyi balekna nang nggone Yu Siyem. (A.1.21.b)
3. Rambutira *ngembang* bakung. (A.1.21.c)
4. Taplak kiyi *kembangana,* cekne ketara apik thithik. (A.1.21.d)

1.24 *woh*

1. Pohe Wak Suta tahun kiyi orak pati akeh *wohe.* (A.1.22.a)
2. Catune sikile sira iku kudu ndhang digawa nang Pak Mantri, cekne otak terus *nguwoh.* (A.1.22.d)
3. Wis orak metu wohe, uwoh sithik *woh* uler. (A.1.22.c)

1.25. *anak*

1. Sira iku wis *anak-anak*, nanging tingkahe tiru lare cilik. (A.1.23.a)
2. Saiki *anake* reyang wis talu. Wis emoh tambah *anak* maneh. (A.1.23.b)
3. Penggawean *nganaken* picis iku orak apik. (A.1.23.d)
4. Terus, pira utange reyang, *anakane* karo babone. (A.1.23.c)
5. Wedhuse durung *manak*, lagi meteng. (A.1.23.g)
6. Becike utang sira, *sira anaki* dhisik. Engkok kari mbalekna babone. (A.1.23.h)

1.26 *kanca*

1. Jare sira kate nang Semeru. Sira nggawa *kanca* apa ijenan? (A.1.24.d)
2. Wong *kekancan* iku orak kenek mbedak-mbedaken siji lan sijine. (A.1.24.a)
3. Embok lan Bapak nang nggone bibek. Mulane reyang *ngancani* nunggu umah. (A.1.24.b)
4. Lare kaku ngono iku becike orak *dikancani*. (A.1.24.e)
5. Suminah *kancane* akeh. (A.1.24.f)

1.27 *udan*

1 Tegese "kakehan udan kurang gludhug" iku paran, Yung? (A.1.25.a)
2. Tarjo wingi *kudanan* kosi gableh kabeh. (A.1.25.b)
3. Ajo *udan-udan* engkok nggarahi pilek. (A.1.25.c)
4. Sapa sing *ngudani* sira kosi tiru mengkono iku? (A.1.25.d)

1.28 *banyu*

1. Yung, gulane *mbanyu*, apike dipeme ya, Yung? (A.1.26.a)
2. Sapa sing oleh giliran *mbanyoni* saiki? (A.1.26.b)
3. *Banyonana* dhikik jagone, karo cekne leren sedhilut. (A.1.26.c)

1.29 *babon*

1. Sira apa wis duwe pitik *babon?* (A.1.27.d)
2. Jare rika mau bengi menang, kene *babone*. (A.1.27.a)

1.30 *bleduk*

1. Neke mangsa udan akeh banyu, neke mangsaketiga *bleduk*. (A.1.28.a)
2. Neke rika rumangsa *kebledukan*, yhe ngaliha! (A.1.28.c)
3. Wadhuh lha kok *bleduken* ngene, Yung pawone. (A.1.28.d)

4. *Bledukan* ngene kate dolan nang ndi, akeh lara mata lho, ya? (A.1.28.g)
5. Sira mau *bebleduk* paran lawan Sarijan? (A.1.28.e)
6. He, ajo dolanan lemah, *bleduke* gi lho. (A.1.28.b)

1.31 *kupluk*

1. Reyang pantas orak ngganggo *kupluk*. (A.1.29.b)
2. Adhikira iku *sira kupluki* paran? (A.1.29.a)
3. Reyang iku orak pantes neke *kuplukan*. (a.1.29.b)
4. Man, *kupluke* supa nang lincak kiyi? (A.1.24.c)

1.32 *gelang*

1. Sira tuku *gelang* kiyi nang toko emas ngendi? (A.1.30.a)
2. Anakira gik cilik, apike ajo *digelangi* dhingin. (A.1.30.b)
3. Lho, temen ta, tuture reyang *gelange* lak ilang. (A1.30.c)
4. Ajo *gelangan* karet engko tangane sira bingget. (A.1.30.d)

1.33 *klambi*

1. Mbok, rika weruh *klambine* reyang? (A.1.31.a)
2. Ayo ndhang *keklambia*, Bapak ndhang kate budal lho ya! (A.1.31.b)
3. Din, *klambenana* adhikira cekne ndhang cepet. (A.1.31.c)
4. Lha wong *diklambeni* mloya-mlayu terus ngono lho, Yung. Klambenana dhewe nyah. (A.1.31.d)
5. *Keklambi* ngono we kok orak bisa. Terus kebisane njare? (A.1.31.e)
6. *Klamben* ngono we kok orak bisa. Terus kebisanmu apa? (A.1.31.e)

1.34 *kathok*

1. Sira tuku *kathok* pendhek nang endi kok apik? (A.1.32.a)
2. Lare wis gedhe kok durung bisa *kathokan* dhewe. (A.1.32.b)
3. Yem, neke sira orak bisa *ngathoki* adhikira tutura. (A.1.32.c)
4. Wong nyambut gawe iku ajo duwe sipat *ngathok*, orak apik. (A.1.32.d)
5. Kana ndhang *kathokana* larene selak mlayu ika lho. (A.1.32.e)
6. Bocah wis gedhe kok durung bisa *kekathok* dhewe. (A.1.31.c)

1.35 *payon*

1. Omah sira kiyi pancen wis wayahe ngganti *payon*. (A.1.33.a)
2. (Umahira kiyi pancene wis wayahe ngganti *payone*. (A.1.33.a)
3. Apike *dipayoni* (dilarapi) welit apa blarak, Pak? (A.1.33.b)

4. Tulung welit nang gaga iku *payokna* gubuge! (A.1.33.c)
5. *Payonana* (larapana) bolak-balik neke mangsa rendheng ngene kiyi yhe mesti ana sing bocor. (A.1.33.d)

1.36 *omah*

1. Nake sira durung bisa gawe *umah*, nggonana umahe reyang dhingin kenek. (A.1.35.d)
2. Wong *saomah* iku mbutuhen bandha akeh. (A.1.35.a)
3. Pak Kadiman wulan ngarep *ngumah-umahen* anake sing wragil. (A.1.35.b)
4. Klambinira nggonen. Neke lawas orak dienggo, dienggo *omahe* coro. (A.1.35.c)
5. Pak kadimen ulan ngarep arep *ngumahen* anake sing ragil. (A.1.35.b)

1.37 *tukang*

1. Sakiyi akeh *tukang* sing orak ngerti cara-carane *nukang*. (A.1.36.d)
2. Sapa sing *nukangi* ana umahira iku? (A.1.36.a)
3. Apike *tukangana* dhewe ae cekne orak golek bandha akeh-akeh. (A.1.36.b)
4. *Tukange* mau gik nang ngendi kok ngulon? (A.1.36.c)

II JENIS VERBA

2.1 *tandur*

1. Wong-wong mau apa wis padha *tandur* ta, Pak? (A.2.1.a)
2. Sapa sing *nandur* brambang kiyi? (A.2.1.b)
3. Mbah, apike gagane *ditanduri* mbako ae, ya? (A.2.1.c)
4. Kebon mburi iku *tanduran* jagung. (A.2.1.d)
5. Ajo lali winih lombok kiyi mengko *tanduren*, lho! (A.2.1.e)
6. Kenthang sing landhuh-landhuh kiyi *tandurane* sapa?
7. Sing kene ajo *siratanduri* apa-apa, arep reyang tanduri kubis. (A.2.1.h)
8. Tulung *tandurna* winih jagung nang longan iku nan gaga kana. (A.2.1.f)

2.2 *babad*

1. Desa kene apa ana tukang *babad* suket, ya? (A.2.2.a)
2. *Sukete* wis njembrung ngono kok durung *dibabad* ta Pak. (A.2.2.b)
3. Sapa sing *mbabad* jagung kiyi? (A.2.2.c)

4. Tulung *babadna* suket mburi iku, Man! (A.2.2.g)
5. Suket sing iku lho *babadana* dingin. (A.2.2.h)
6. Jagunge akeh sing *kebabad*, sebab dheweke kurang ngati-ati. (A.2.2.f)

2.3 *turu*

1. Mau bengi reyang orak bisa *turu* babar pisan. (A.2.3.a)
2. Neke kesel mbok ndhang *turua* kana! (A.2.3.c)
3. Kamar kiyi dudu *peturon*, lho, kiyi nggo kandhang sepedha. (A.2.3.d)
4. Saking kesele, reyang nganti *keturon* ring kursi. (A.2.3.e)
5. Amben kiyi ajo *dituroni* dhingin, lho, sikile ceklek sisih. (A.2.3.f)
6. Wis sakiyi amben kiyi *turonana*, jajal kuat apa ora. (A.2.3.g)
7. Reyang *taknuroen* anak reyang sedhilut, ya?
8. Anak rika mau kok *dituroen* ana ngendi, Yu? (A.2.3.j)
9. Sing ngeloni nganti kesel ngene kok durung *turu-turu* ta ya. (A.2.3.k)
10. Mah, adhikira *turokna* nang kasur, ajo turoken nang kursi. (5)
11. Anak rika mau *sira turoen* ana ngendi, Yu? (A.2.3.j)
12. Reyang kate *nuroen* anake reyang sedhilut, ya? (A.2.3.i)
13. Kasur kiyi orak *takturoni*. (10)
14. Reyang wedi *nuroni* peturon kiyi. (11)

2.4 *tangi*

1. Wis jam wolu ngena kok durung *tangi* ta, Kang? (A.2.4.a)
2. Ndhang *tangia* Kang, wis jam wolu kiyi, lho! (A.2.4.a)
3. Tulung reyang *rangekna*, Yah! (A.2.4.c)
4. Wong wis anu ngono kok mosok njaluk *ditangeen* ta, Kang (A.2.4.d)
5. Mosok wis didhodhogi ngene barang kok orak *tangi-tangi*, ta. (A.2.4.g)
6. Bocah lara iku turune mesti pijer *tangine*. (a.2.4.h)

2.5 *adus*

1. Wis limang dina kiyi reyang ora *adus*. (A.2.5.a)
2. Adhikira *rika dusi* dhikik, Le! (A.2.5.b)
3. Sapa sing *ngedusi* adhik rika mau, Man? (A.2.5.c)
4. Sira mau *didusi* sapa, Ndhuk? (A.2.5.d)
5. Parman *takdusane* ya, Yu? (a.2.5.e)
6. Masi *rika dusana* sedina ping sewidak, neke orak sabunan ya orak resik. (A.2.5.f)
7. Wis orak usah *adus-adusan*, Kang, wis kiyi, lho! (A.2.5.g)

8. Wis meh surup ngene mbok ndhang *adus-adus* kana ta, Kang! (A.2.5.h)
9. Wis meh surup ngene mbok ndhang *adus-adusa* kana ta, Kang! (A.2.5.h)
10. Wis meh surup ngene mbok ndhang *adusa* kana ta, Kang! (A.2.5.h)
11. Ajo ana kene! Kiyi dudu *padusan*, lho. (A.2.5.i)
12. Adhik-adhikira *dusana* dhilit, ya! (A.2.5.b)

2.6. *lunga*

1. Rika arep *lunga* nang ngendi, Pak? (A.2.6.a)
2. Bapak reyang gelek *lelungan* nang kutho liya. (A.2.6.b)
3. Neke ora kena dituruti, ya wis *lungaa* kana! (A.2.6.d)
4. Neke didhayohi, dheweke mesthi *nglungani*. (A.2.6.e)
5. Embuh menyang ngendi *lungane* bojo reyang. (A.2.6.g)
6. Lare kiyi kok duwe watak *lungan* ngono, ya? (A.2.6.h)

2.7 *ulih*

1. Reyang sesuk kudu *mulih* nang Malang. (A.2.7.a)
2. Reyang *mulihe* nang mbok tuwek mung sesasi pisan. (A.2.7.d)
3. Wis wengi lho, Kang, ndhang *muliha* kana! (A.2.7.e)
4. Wong sekolah kok jebul *mulihan* ngono iku piye, ta. (A.2.7.f)
5. Dheweke nang sayan *ngulihen* kursi. (A.2.7.g)
6. Rika njaluk *diulihen* kapan ta, Las? (A.2.7.k)
7. *Ulihana* bojo tuwek, neke dheweke orak bisa mareni nakale ya mesti ditampik. (A.2.7.n)
8. Tatu kiyi suwe kok orak *pulih-pulih*. (A.2.7.r)
9. Neke tatu ngono iku pancen rada suwe *pulihe*. (A.2.7.g)
10. Catumu iku lho ndhang *pulihna* dhingin. (A.2.7.u)
11. Neke lelungan ajo terus orak *memulih* ngono iku, se Kang. (A.2.7.h)

2.8 *lebu*

1. Sssst, ajo *mlebu* nang kamare mbakyune sira, lho! (A.2.8.a)
2. Neke pancen sekti temenan, jajal *mlebua* barol kiyi. (A.2.8.b)
3. Rika kok ndhang *mlebu-mlebu* iku wedi apa piye? (A.2.8.c)
4. Reyang ulan ngarep arep *ngleboni* tentara. (A.2.8.d)
5. Adhuh kuping reyang *klebon* walang. (a.2.8.e)
6. Wah, olehe reyang daptar dadi tentara jebul orak *klebu*. (A.2.8.f)
7. Mosok daptar tentara ping sepuluh kok orak *klebu-klebu* ta. (A.2.8.i)
8. Le, jarane ndhang *lebokna* gedhogan, ya. (A.2.8.j)

9. Anake reyang pinter *ngleboen* bola nang dom. (A.2.8.k)
10. Man, jarane wis *rikaleboen* gedhogan apa durung? (A.2.8.l)
11. Bola iku *dileboen* bola-bali ya tetap orak kena, sebab pancen dome orak ana bolongane. (A.2.8.n)
12. Becike kamar kiyi orak oleh *dileboni* uwong. (95)

2.9 *lungguh*

1. Reyang orak bisa *lungguh* sebab bokonge reyang udunen. (A.2.9.a)
2. Sapa sing nggawe *lungguhan* kiyi mau? (A.2.9.b)
3. Adhuh sikile reyang *dilungguhi* Bapak kiyi, lho! (A.2.9.c)
4. Dheweke ring desa kene kiyi orak duwe *plungguhan* apa-apa. (A.2.9.d)
5. Kursi *lungguhana* Pak Petinggi engkok sing endi, Kang? (A.2.9.g)
6. Tamune wis teka iku lho, ndhang *lungguhna* dhingin! (A.2.9.h)

2.10 *omong*

1. Sapa sing *omong-omong* neke reyang seneng mangan iwak kadhal? (A.2.10.a)
2. Rika ajo *ngomong* bapak rika temenan, lho Yem! (A.2.10.b)
3. Dheweke lagi *omong* gayeng lan bojone. (A.2.10.c)
4. Tulung *omongana* Pak Petinggi neke reyang gik rapot. (A.2.10.d)
5. Ajo Selak! Wis ta, *omonga* sing satemene ae. (a.2.10.g)
6. Bakul jamu iku *ngomonge* mesti kepenak. (a.2.10.g)
7. *Omonge* Pak Petinggi iku pancen bener kok.
8. Wis ta *diomongi* bola-bali neke orak ana layange reyang emoh. (A.2.10.l)

2.11 *golek*

1. Ayo *golek* suket nang gaga kono, Man! (A.2.11.a)
2. Akeh banget *golekan* sing didol ring toko-toko. (A.2.11.b)
3. Parti dadi *golek-golekan*, sebab wis telung dina kiyi orak mulih. (A.2.11.c)
4. Parti iku pancen kerep dadi *gegolekan* keluargane. (A.2.11.d)
5. Nah, adhikira *golekana* nang ngisor kono! (A.2.11.e)
6. *Digoleki* nang ngendi-endi ya orak ketemu, Mbok, wong bocahe turu ring senthong ngono, lho. (A.2.11.f)
7. Neke Parno jajal *takgolekane* ya, Mbok? (A.2.11.h)
8. Mau bocahe wis *nggoleki* mbakyunira, kok. (A.2.11.i)
9. Pancen lare iku angel banget *golekane*, kok. (A.2.11.j)

10. Kang *goleka* kayu nanh dhuwur kana lho! (A.2.11.1)

2.12 *tuku*

1. Sira mau sida *tuku* kenthang apa orak, Yem? (A.2.12.a)
2. Jarane kok apik temen ngono iku *tukune* pira, Pak? (A.2.12.b)
3. Dul, *tukua* rokok kono, lho! (A.2.12.c)
4. Tulung Ndhuk, bapak *tukokna* kopi nang ngisor kono! (A.2.12.1)
5. Tapi jarane Parman wis idituku blantik, kok. (A.2.12.l)
6. Orak ana wong sing gelem *nuku* jaran kiyi. (A.2.12.k)
7. Ana sing *nukakan* seng, ana sing *nukoken*, ana sing *nukoken* gamping. (8.6)
8. Dadia duren iku larang, tetap *tukunen*. (34)

2.13 *dol*

1. Ring pasar kene orak ana wong *dodol* dhendheng kirik. (A.2.13.a)
2. Bocah orak genah, mosok omah-lemah warisan kok *didol* kabeh. (A.2.13.b)
3. Ana wong tuku iku, lho Pak. Tulung *dolana* kono! (A.2.13.l)
4. Pitike sira sing thelonen iku *dolen* ae, Le! (A.2.13.k)
5. Rika iku *didoli* rong piring ya rumangas kurang. (A.2.13.j)
6. Sapa sing *ngedol* jarane rika? (A.2.13.c)

2.14 *weh*

1. Ajo njagakne *digewehi* wong liya. (A.2.14.a)
2. Iki orak utang-utangan, tapi *nggewehi* lho ya. (A.2.14.b)
3. Wong ngemis iku *wehana* sega, Le. (A.2.14.d)
4. Dheweke *takwehane*, dhuwit, Pak. (A.2.14.e)
5. Klambi kiyi ora *diwehi* Pak Petinggi. (A.2.14.j)
6. Wong ngemis iku *gewehana* sega, Le! (A.2.14.d)

2.15 *saur*

1. Reyang arep *nyaur* utang nang Pak Karto. (A.2.15.b)
2. Wong *ditakoni* kok orak *semaur* iku apa tunarungon, ta. (A.2.15.d)
3. Utange rika durung *reyangsauri*, lho! (A.2.15.e)
4. Jare utange Pardi wis *disauri* bapake. (A.2.15.g)
5. Le, dhuwit kiyi *saurna* nang mbokira, ya! (A.2.15.m)
6. Neke disapa uwong iku *saurana*, ta Ndhuk! (A.2.15.o)
7. Wong ditakoni apik-apikan kok *semaure* kaya ngono, ta. (A.2.15.i)

8. Akeh banget utange sing orak *disaur*. (A.2.15.l)

2.16 *laku*

1. Ayo Kang *mlaku* nang kawah kono! (a.2.16.a)
2. Mumpung terang, Le, *mlakua* lan bojonira kono, lho!
3. *Mlakune* wong iku gesit temen. (A.2.16.d)
4. Orak ana wong sing gelem *nglakoni* dadi maling. (A.2.16.h)
5. Omah gentheng taksaponane, abot entheng *taklakonane*. (A.2.16.h)
6. Wis ta, Le, abot entheng iku *lakonana* dhingin! (A.2.16.i)
7. Wayange mau bengi *lakone* apa, Pak? (A.2.16.J)
8. Ngelmu iku *kelakone* kanti *laku*. (A.2.16.l)
9. Dadi dhukun iku pancen abot *lakune*. (A.2.16.n)
10. Le, montor kiyi *lakokna*, ya! (a.2.16.p)
11. Isuk-isuk reyang *mlaku-mlaku*. (106)
12. Masia ewuh *siralakoni*, lakanana ae pegawean iku. (104)
13. Dadi dhukun iku pancene abot *kelakuane*. (A.2.16.m)

2.17 *playu*

1. Yu Paitun orak bisa *mlayu* sebab kegedhen bokong. (A.2.17.a)
2. Wis ta, *mlayua* kaya jaran kepang mesti ketututan. (A.2.17.b)
3. Sira kok *mlayune* kaya pitik memeti iku ana apa, ta Rus? (A.2.17.d)
4. Wonge entas ae ngulon, ndhang *playonana*. (A.2.17.h)
5. Mun, bocah kiyi *playuen* sing adoh, supaya orak konangan bapake. (A.2.17.m)
6. Sira kok *playune* kaya pitik memeti iku ana apa, ta Rus? (A.2.17.d)
7. Reyang emoh *mlayuen* anake wong. (A.2.17.n)
8. Rika apa gik sregep *mlayu-mlayu* wayah esuk? (A.2.17.c)

2.18 *leren*

1. Reyang kesel banget, Mas. Ayo *leren* dhisik. (A.2.18.a)
2. Wis awan, Le, *lerena* dhisik neke macul. (A.2.18.f)
3. Jarane engkok *lerenen* nang kalon kulon kana, ya! (a.2.18.g)
4. Ya kene kiyi *lerene* bapak rika biyen. (A.2.18.h)
5. Macul wiwit esuk kok orak *laleren* ta, Pak? (A.2.18.b)

2.19 *cemplung*

1. Sapa sing wani *nyemplung* blumbang kiyi? (A.2.13.a)
2. Picise isun *kecemplung* blumbang. (A.2.19.b)

3. Neke rika pancen wani, *nyemplunga* blumbang iku! (A.2.19.c)
4. Ndhuk, jangane *cemplungana* uyah thithik! (A.2.19.d)
5. Uyah kiyi, lho Ndhuk *cemplungna* jangan kono! (A.2.19.e)
6. Mbok, Mbok! Jangane *kecemplungan* cecak kiyi, lho. (A.2.19.f)
7. Lho, sapa sing *nyemplungen* uyah nang wedang reyang mau? (A.2.19.g)
8. Anu, Pak, wedange mau *dicemplungi* uyah Kang Darmo. (A.2.19.h)
9. Jangane *takcemplungane* uyah ya, Mbok? (A.2.19.j)
10. Reyang lali, Mbok, jangane mau *takcemplungi* uyah maneh. (A.2.19.k)
11. Lha wong jangan kasinen *dicemplungana* gula sakintal ya tetep asin. (A.2.19.1)

2.20 *peme*

1. Reyang orak duwe *pemean* kok, Pak. (A.2.20.a)
2. Kiyi *pemeane* sapa, ta? (A.2.20.b)
3. Isun arep *meme* sandhangan ana mburi. (A.2.20c)
4. Sarungi mau *dipeme* ring ngendi? (A.2.20.d)
5. Dar, *sandhangan* kiyi *pemean* mburi kana, Le! (A.2.20.e)
6. Klambi kiyi *takpemene* neng mburi ae, ya? (A.2.20.g)
7. Wong wis *dipemeen* barang kok gik kurang trima. (A.2.28.h)
8. Neke pemean kiyi *pemenana* klambi satus ya kuat ae. (A.2.20m)

2.21 *kuthek*

1. Pak, Pak pipine isun *dikuthek* Kang Dul kiyi, lho. (A.2.21.a)
2. Dul, sira mau apa *nguthek* pipine Siyem? (A.2.21.b)
3. wong mung *takkuthek* sithik kok, Pak. (A.2.21.c)
4. Bocah orak genah! Mosok senengane kok mung *ngutheki* pupune Siyem. (A.2.21.d)
5. Pokoke *nguthaka* pipine mbakyune rika dhingin, engkok takgewehi picis. (A.2.21.e)
6. Tulung *kuthekna* lambene mbakyunira sing mencap-mencep ae iku. (A.2.21.f)
9. *Kuthekane* Kang Paijo loro banget. (A.2.21.h)
10. Wis ta *khuthaken* sadino ping satus, isun orak bakal.....
11. Pokok *takkutheke* pipine Yu Isa dhingin, engkok takgewehi picis. (A.2.21.e)

2.22 *esem*

1. Paitun orak bisa *mesem*, sebab lara untu abuh gedhe. (A.2.22.a)
2. Tun, *mesema* thithik ngono, lho. (A.2.22.b)
3. Paijo *diesemi* Paitun ngana ae wis lunjak-lunjak. (A.2.22.d)
4. Neke ana wong nggudha rika ikut *esemana* lho, Tun! (A.2.22.a)
5. *Eseme* Paitun pancen larang regane. (A.2.22.g)

2.23 *waca*

1. Kiyi *wacan* apa, Yung? (A.2.23.a)
2. Hus, lare cilik orak kena *maca* buku kiyi! (A.2.23.b)
3. Neke ngana ya *diwaca* thithik ae ta, Yu. (A.2.23.c)
4. Hus, buku kiyi dudu *wacanane* lare cilik, Sri! (A.2.23.d)
5. Wis jajal tulisan kiyi ae *wacanen*, Sri!
6. Neke ngene kiyi *macane* njare? (A.2.23.f)
7. Sapa sing *macaan* buku sira mau, Le? (A.2.23.i)
8. Saking akehe bukune nganti ana sing orak *kewaca*. (A.2.23.l)
9. Surat iku *takwaca* banter-banter. (121)
10. Neke kepengin nambahi kawruh *macaa* buku-buku ! (117)

2.24 *pencok*

1. Manuk rayang apa *mancok* ana kene, Tun? (A.2.24.a)
2. Iya, Kang. Lha digawakne *pancokan* ring kene ae apa piye? (A.2.24.b)
3. Lha biasane *pancokane* manuke rika iku ring ngendi, ta Kang? (A.2.24.d)
4. Durung ana, Tun, Durung duwe kok. Ya lagi kene kiyi sing *dipencoki*. (A.2.24.e)
5. Durung kok, Tun. Wis ta jajalan *pencokna* ring nggon liya mesthi orak gelem. (A.2.24.h)
6. Kiyi, lho, ndhang *mencoka!* (A.2.24.j)

2.25 *tulung*

1. Isun arep njaluk *tulung* Pak Karto. (A.2.25.a)
2. Sira kudu demen *tetulung* wong liya. (A.2.25.b)
3. Mosok neke laire orak *ditulungi* dhukun? (A.2.25.c)
4. Bojone rika iku tulungen dhingin, Le! (A.2.25.d)
6. Dhasar lare mbeling, mula *ditulunga* ping sewidak jaran ya orak njawa. (A.2.25.f)
5. Wong *ditulung* kok malah menthung. (A.2.25.e)

7. Reyang kok krungu wong mbengok *tulung-tulung* ika ring ngendi, ta? (A.2.25.g)
8. Matur suwun banget, Kang, sakabehe *pitulungane* rika. (A.2.25.h)
9. Wong urip iku mbok sing seneng *nulung* marang liyan. (A.2.25.i)

2.26 *jaluk*

1. Nurut kebutuhane sing *njaluk*. (8.7)
2. ... liyan nylameti desa *njejaluk* nang Gusti Kang Mahaaung, ... (B.4.a)
3. Luwih-luwih neke disambati, *dijaluki* tulung pegawean. (C.l.d)

2.27 *gawa*

1. Slimute reyang aja *digawa* engkok *takgawa* dhewe. (129)
2. Umpama sira *nggawa* slimut kandel mesthi orak kadhemen. (133)
3. Isun dhewe wis kabotan *gawan*. (132)
4. Tulung *gawakna* slimute reyang, Har! (131)
5. Ajo lali winih lombok kiyi mengko *gawaen*, lho! (A.2.1.e)

2.28 *rungu*

1. Omong-omong gik *ngrungoen* dhawuh Pak Petinggi. (136)
2. Reyang wis *krungu* kabar iku. (135)
3. *Rungokna* dhawuhe iku, kepekne bapak-bapak weruh kabar teka Jakarta. (137)

2.29 *udhun*

1. Terus *mudhun* nyameti nggone tutupan iku. (B.10.a)
2. Barang-barang sing nang prahoto iku durung *didhunen*. (83)
3. Ayo ndhang *dhukna* barang-barang kiyi! (84)

2.30 *tunggang*

1. Pane, *tunggangana* jaran kiyi kape ajo nakal. (82)
2. Jaran siji kudu *ditunggangi* wong siji. (81)
3. Neng kene gik akeh wong *nunggang* jaran. (80)
4. Jaran kiyi lara, aja *siratunggangi*. (79)

2.31 *deg*

1. Nuturi neke kate *ngedegen* o,ah. (8.11)
2. Ana wong tuwa lungguh nang mburi *ngadeg* ae, ta. (44)

3. Neke wis wayahe omah *didegen*. (8.9)

2.32 *rutuh*

1. Aja dolanan ning kana engkok *kerutuhan* gentheng. (68)
2. Sira nangis merga *dirutuhen* Siman. (70)

2.33 *garap*

1. Carane wayahe *nggarap* padha karo sing takcritaken ing dhuwur mau. (4.3)
2. Dalan mulai *diharap* bebarengan lanang lan wedok. (39)

2.34 *tutur*

1. *Nuturi* neke kate ngadegen umah. (B.11)
2. Lare kok arak kana *dituturi* babar pisan ngono, ya. (A.2.10.m)

2.35 *siram*

1. Pak Darmo gik *nyirami* tanduran. (150)
2. Sayuran iku kudu *disirami*. (148)

2.36 *tari*

1 Dulur sing disanjani *nari*. (8.2)
2. Neke wis padha karepe terus bapakne lanang *ditareni*.

2.37 *babar*

1. Mari setengah ulan iku oleh mangan uyah sing aran *mbabar*. (B.8)

2.38 *turut*

1. Bareng wis ngono, wis *dituruti* terus lare mau ilang. (B.17)
2. ... *nurut* umure lare mau ..... (2.a)
3. Bareng wis ngono, wis *keturutan*, terus lare mau ilang. (22)

2.39 *gawe*

1. Neke kate *gegawean* butuh paran. (8.3)
2. Luwih-luwih neke disambati, dijaluki tulung *penggaweane*. (C.1.d)
3. Abit semono wong Tengger wis nganaken grombolan bebarengan *nggawe* dalan. (C.2.e)
4. Kayata gotong royong, slametan, *penggawean* lan liyo-liyane. (C.G.a)

2.40 *rit*

1. Rika rak wis takkandhani ta neke suket ning kana iku ajo *dirit*, sakiyi wasen sapine rika mencret. (A.1.2.e)
2. Dar, sapine apa wis *sirariten?* (A.1.2.a)

2.41 *tok*

1. Wedhus-wedhus *ditoken* teka kandhang. (100)
2. ... orak kenek *ngetoken* hawa napsu, pikir kasar uga orak kenek. (B.5.c)
3. Pane, *tokna* semut kiyi. (99)

2.42 *sambut*

1. Seneng *nyambut gawe* bebarengan. (C.l.b)
2. *Nyambutgawene* seneng grombolan, lan genten rewangan. (C.l.c)
3. Sing sekabehane mau orak bisa *disambut* dhewe-dhewe. (6.2)

2.43 *takon*

1. Sita, bapak embokne padha setuju, lare lanang dikongkon *nakoken*. (l.c)
2. *Takonana* dheweke mesthi nyauri. (90)
3. Neke durung weruh *takokna* nang Siyem. (86)
4. Neke *ditakoni* ajo meneng ae. (88)

2.44 *ajak*

1. Mulane Bapak pingine *ngajak* mrintis dalan anyar. (8.25)
2. Kebutuhan liyane sing sipate kanggo kepentingane dhewe uga gelem *dijak* gotong royong. (5.3)
3. Gampang *ajak-ajakane*. (C.3.f)

2.45 *kirim*

1. Reyang njaluk *dikirim* tandur tuwa rika kabeh. (B.19)
2. Eyang njaluk *kiriman* tandur tuwa rika kabeh. (24)

2.46 *ombe*

1. Obat kiyi mung *diombe* sethithik. (34)
2. ... mangan lan *ngombe* ae. (8.16)
3 Dar, neke wis mari mangan *ombonen* banyu bening. (31)

2.47 *kubur*

1. Kate *dikubur*, dislameti dhingin. (c)

2.48 *celuk*

1. Neke sira *diceluk* mbokira ndhang tekaa. (140)
2. *Celukan* adhik-adhikira, kongkonen mangan dhingin. (141)

2.49 *bangun*

1. Semono maneh neke dijak *mbangun* paran ae kaya ta: balai desa, ... (8.27)

2.50 *sidhem*

1. Pancen dheweke kebacut kok, mosok pira-pira *disidhem* dhewe ae. (A2.15.h)
2. Wis ta, oleh pira-pira *sidheman* dhewe ae. (A.2.15.n)

2.51 *rembug*

1 Wong-wonge *dirembugi* diajak gawe dalan mau gelem. (3.7)
2. ... gampang *rembugane*. (3.5)

2.52 *tandang*

1. Ndang-ndang *ditandangi*. (8.26)

2.53 *paring*

1. ... supaya *diparingi* rahayu slamet kabeh saanak turune. (B.13.b)
2. ... supaya *keparingan* rahayu slamet sakabeh saanak turune. (B.13.b)

2.54 *susul*

Sakpituture *disusul* desa-desa liyane. (4.1)

2.55 *semaya*

Wong-wong mau neke *disemayani* gawe dalan wis orak kathik sangke maneh. (5.1)

2.56 *candhak*

Terus *nyandhak* pujan Kewolu. (B.11.a)

2.57 *usung*
Ngusung kayu orak usah disambut dhewe. (6.4)

2.58 *butuh*
1. Ajo papak (kebutuhan liyane sing .... (C.5.d)
2. Sebab wis ngerti *kebutuhane* dhewe-dhewe. (C.5.b)

2.59 *cekel*
... sing *nyekel* panguasa Kemantren Tosari. (4.2)

2.60 *tinggal*
Wis *tinggalen* ana kene dadi wakile nggone gunung Bramo kiyi. (B.20)

2.61 *tabrak*
Pitik iku mati *ditabrak* sepedha, orak dibedhil ilate. (9)

2.62 *crita*
1. Lha ing ngisor kiyi *takcritani* carane wong Tengger gotong royong gawe dalan .... (C1.e)
2. Sing *takcritaken* ndhuwur mau, ... (C.4.c)

2.63 *rewang*
... diomongi mesthi *ngrewangi*. (8.5)

2.64 *cokot*
Dheweke *nyokoti* paran kok lambene *kecokot*. (8)

2.65 *wengku*
... njaluk dilabuhen nggone kana lan sing *mengku* nggone Brama iku. (B.16.b)

2.66 *liwat*
Mung pengertiane gawe dalan mau keneka *diliwati* awake dhewe. (C.2.f)

2.67 *iris*
Darmi gik *ngirisi* bawang dheweke njerit merga *kiris*. (12)

2.68 *sambang*
Wis ta, pokoke reyang *nyambangi* nang bapake reyang ae. (A.2.7.i)

2.69 *wuruk*
... wong Tengger wis orak *muruki* maneh. (8.20)

2.70 *donga*
Ayo kanca kabeh *ndedonga* kepeke kekarepane kanca katrima nang sing Kuasa. (173)

2.71 *obong*
Sira ajo obong-obong kertas kiyi, gik wingi ana omah *kobong*. (11)

2.72 *labuh*
Tapi orak cara *dilabuhen* nang sing tuwek, terus nang .... (23)

2.73 *deleng*
1. Ayo kanca-kanca kabeh *ndeleng* padhang hawa nang kene. (145)
2. *Delengen* kekayon, nang gampeng. (143)

2.74 *jupuk*
Pak Darma *njupuk* pacul arep ndhudhuk kalen. (2)

2.75 *bali*
Wis masia *dibaleken* tak tampani Kang, timbang malah ilang. (A.2.7.p)

2.76 *kawin*
Sira wis dililani *dikawinen*. (3.a)

2.77 *dhahar*
Roh-roh leluhur sing wis digewehi sajen utawa *dhaharan* kanggo slametan .... (4)

2.78 *kurung*
Darmo gik gawe *kurungan*. (113)

2.79 *lapor*
Sita wis oleh dina ulan kawin, bapake *laporan* nang Pak Petinggi. (2.a)

2.80 *sandhung*
Ajo mlayu-mlayu engkok *kesandhung* watu. (14)

2.81 *alang*
.... kabeh digewehi slamet orak *alangan* paran-paran. (2.a)

2.82 *trima*
Wah, olehe reyang daptar dadi tentara jebul orak *ketrima*. (A.2.b.f)

2.83 *lek*
Merga lara dheweke ora bisa ndilat orak bisa *ngelek*. (10)

2.84 *tiba*
Ajo lungguh nang ngisore wit mengko ketiban kayu kapok. (13)

2.85 *Urip*
Pane *urripna* dhesel iku ! (105)

2.86 *waras*
Tatune rika iku ndhang *warasna*. (A.2.7.u)

2.87 *sambat*
Luwih-luwih ana neke *disambati* .... (1.4)

2.88 *sanja*
Dulur ding *disanjani* nari. (8.2)

2.89 *kenek*
Mung pengertiane gawe dalan *keneke* dilawati awake dhewe. (3.6)

2.90 *kuasa*
.... sing nyekel *penguasa* Kemantren Tasari. (4.2)

2.91 *rasa*
Sakabehe *dirasakan* entheng ae. (C.8.a3)

2.92 *jawab*
Mesthi *jawabe* "butuh wragadane gawe omah". (C.B.c)

III JENIS ADJEKTIVA

3.1 *abang*

1. Klambi rika sing *abang* ring endi, Yu? (A.3.1.a)
2. Omongan reyang mau rak mung nggo *abang-abange* lambe ae, ta. (A.3.1.c)
3. Kukune Pariyem kabeh *diabangi* nganggo cet. (A.3.1.d)
4. Lambe rika iku *abangana* thithik karo gincu ngono, lho! (A.3.1.e)
5. Omongane wong iku kok *ngabangen* kuping ngono, ta. (A.3.1.f)
6. Reyang arep *ngabangi* cet lawang sing abang. (A.3.1.i)
7. Wis ta, *abange* kaya apa klambi rika iku gik kalah karo klambi reyang, Dul. (A.3.1.l)
8. Ceta lawang iku *abangna* thithik ngono, lho Dul! (A.3.1.l)
9. Pancen lambe ireng *diabangen* kaya paran ya tetep ireng. (A.3.1.j)
10. Wis ta, *abanga* kaya pacar, klambi rika iku gik kalah karo klambine reyang, Dul. (A.3.1.l)
11. Lambene rika iku *abangenp* thithik nganggo ginco ngono, lho! (A.3.1.e)

3.2 *ijo*

1. Rika duwe klambi *ijo*, ta Kang? (a.3.2.a)
2. Klambi iki *ijokna* thithik karo wenter, ya? (A.3.2.b)
3. Iya anggere ora nganti *kijonen*. (A.3.2.c)
4. Mbako sira ajo *diijoken*, lho Le! (A.3.2.e)
5. Kene apa ana tukang *ijon*, ta Pak? (A.3.2.f)
6. Lha Kramaleya iku gawene rak *ngijoken* mbakone wong kene. (A.3.2.g)
7. *Ijone* tanduran iki gik kalah karo sing kana ika. (A.3.2.h)
8. Klambi iku *takijoen* thithik karo wenter, ya? (A.3.2.b)

3.3. *putih*

1. Sing duwe getih *putih* mung Puntadewa dhewe. (A.3.3.a)
2. Wong saputan pager ae nek nganti ngono kiyi ya *keputihan*. (A.3.3.d)
3. Ya, ora. Wong jare Pardi malah arep *mutihan* thithik engkas, kok. (A.3.3.e)
4. Tapi *putihe* ping satus, wong pager ae ya mesthi reged. (A.3.3.f)
5. Sing ngarep rika iku lho *putihna* thithik engkas! (A.3.3.g)
6. Wiwit sesuk aku arep *mutih*. (A.3.3.k)

7. Reyang arep *mutihi* campuran cet iku. (A.3.3.m)
8. Ya, ora. Wong jare Pardi malah arep *diputihen* thithik engkas, kok. (A.3.3.e)
9. Tapi *putihen* ping satus, wong pager ae ya mesthi reged. (A.3.3.f)
10. Ayo pagere *putihan* endi karo pagere reyang, Dul! (A.3.3.h)

3.4 *ayu*

1. Rika iku pancen *ayu* temenan, kok Dhik. (A.3.4.a)
2. Masia ngono rak ora *kemayu*, ta Mas. (a.3.4.b)
3. Kanggo reyang, *ayune* bidadari gik kasih karo ayune rika, Dhik. (A.3.4.e)
4. Jabang bayi! Olehe mencap-mencep kok kaya *kayuan* dhewe sejagad kiyi. (A.3.4.f)
5. Tapi *ayua* kaya apa nek gendheng ya ora payu. (A.3.4.g)
6. Rika rumangsa *kayunen* ngono ta, kok saben wong nglamar rikatampik iku? (A.3.4.h)
7. Kasiate susuk kiyi kena nggo *ngengayu awak rika. (A.3.4.i)*
8. Kasiate susuk kiyi kena nggo *ngayuen* awak rika. (A.3.4.i)
9. Kasiate susuk kiyi kena nggo *ngayoken* awak rika. (a.3.4.i)

3.5 *gagah*

1. Sadesa kiyi pancen dheweke sing paling *gagah*. (A.3.5.a)
2. Tapi *gagaha* kaya Gathotkaca nek ora duwe dhuwit ya kecut. (A.3.5.b)
3. Kiyi bageyane adhi sira, lho. Ajo *digagahi* dhewe ae. (A.3.5.c)
4. Sapa sing arep *nggagahi* bageyane wong liya? (A.3.5.d)
5. Lakune igembagah kepekne pincange ora katara. (A.3.5.f)
7. Jas iku pancen kena nggo *nggagahen* pawakane wong. (A.3.5.h)
8. Ajo *mbegagah* karo malang kerek kaya wong nanthang yudha ngono iku, Dar! (A.3.5.i)
9. Dheweke nganggo sepatu iku mung kanggo *gagahan* ae.
10. Rika kok wani nanthang Pak Carik, wis rumangsa *kegagahen* apa jare? (A.3.5.g)
11. Nek mlaku iku rada *gagahna* thithik ngono, lho!
12. Lakune *digagahen* kepekne pincange ora katara. (A.3.5.f)

3.6 *ngganthenq*

1. Bojone Parmi iku pancen *ngganthenq* banget. (A.3.6.a)
2. Kasiate kacamata kiyi kena nggo *ngganthengen* rupa. (A.3.6.b)

3. Nadyan *ngganthenge* kaya apa nek ora isa ngayani wong wedok ya mesthi dimohi. (A.3.6.c)
4. Rika nyang wong wedok kok ngono iku wis rumangsa *kengganthengen* ta? (A.3.6.f)
5. Nadyan *ngganthenga* kaya paran nek ora isa ngayani wong wedok ya mesthi dimohi. (A.3.6.c)

3.7 *kuru*

1. Sira kok ketok *kuru* banget iku apa lara, ta Dul? (A.3.7.a)
2. Lha carane *nguroken* awak iku njare, ta kang? (A.3.7.d)
3. Awake *kurokna* kanthi cara pasa ngebleng. (A.3.7.e)
4. Nek awak reyang iki *kurune* nganggo obat paran ae angel, sebab mangane reyang tanpa ukuran. (A.3.7.h)
5. Rika iku wis kuru lho, tapi gik ana sing *kurunan* maneh. (A.3.7.j)
6. Klambi kiyi potongane awake *kekuruen*. (A.3.7.f)
7. Lha carane *nguruen* awak iku njare, ta Kang? (A.3.7.d)
8. Awake *dikuroken* kanti cara pasa ngebleng. (A.3.7.e)

3.8 *lemu*

1. Reyang iku pancen ora duwe pawakan *lemu*, kok. (A.3.8.a)
2. Ah, awak iku nek *klemuen* ya ora apik, Dar. (A.3.8.h)
3. Tapi nek kaya rika iku pancen perlu *nglemoken* awak. (A.3.8.d)
4. Iku bener, Dar. Mulane ndang *lemokna* awak rika iku. (A.3.8.e)
5. Lha *lemune* nganggo obat paran, ta Kang? (A.3.8.f)
6. Lha nadyan *lemua* kaya Bagong, nek ora tahu ngombe jamu ya mesthi gampang lara. (A.3.8.h)
7. Bocah umur telung tahun iku biasane wayahe *lemu-lemune*. (A.3.8.j)
8. Sapa gelem takjak *lemu-lemuan* awak. (A.3.8.k)
9. Sapi iki bisa *dilemoken* kathik mangane kewan sing ana isine. (158)
1. Tapi nek kaya rika iku pancen perlu *nglemuen* awak. (A.3.8.d)

3.9 *landhuh*

1. Tegalan rika oncen luwih *landhuh* timbang sing iku. (A.3.9.a)
2. Tapi umume tegalan ring kene iku *klanduhen*, kok. (A.3.9.b)
3. Lha tapi *landhuhe* tegalan ring kene rak gik kalah karo tegalan ring Batu. (A.3.9.c)
4. Rabuk iku pancen isa *nglandhuhen* lemah. (A.3.9.e)
5. Mulane sadurunge dianduri, lemahe kudu *ditandhui* dhingin. (A.3.9.f)

6. Tegal rika sing ngisor iku lho *landhuhana* dhingin! (A.3.9.g)
7. Mulane sadurunge ditanduri, lemahe kudu *dilelandhuh* dhingin. (A.3.9.f)
8. Tegal rika sing ngisor iku lho *landhuhna* dhingin! (A.3.9.g)
9. Lha, *dilandhuhen* nganggo rabuk sak trek wong pancen lemah padhas ya ora kena. (A.3.9.h)
10. Lha, *landhuhen* nganggo rabuk satrek wong pancen lemah padhas ya ora kena. (A.3.9.h)
11. La tapi *landhuha* tegalan ring kene gik kalah karo tegalan ring Batu. (A.3.9.c)

3.10 *garing*

1. Nek wayah ketiga, lemah-lemah padha *garing* kabeh. (A.3.10.a)
2. Nek kaya sing wingi ika *kegaringen* apa ora Pak? (A.3.10.d)
3. Lha kapan olehe arep *nggaringen* tegalan mburi iku Pak? (A.3.10.c)
4. Ya tulung ta, Le *garingna* dhingin. Awak reyang gik lara. (A.3.10.f)
5. Kendhine ajo *digaringen* ae lho. (A.3.10.g)
6. Wong kenthang kok *garinge* nganti kaya ngene ta. (A.3.10.k)
7. Jajan *garingan* ana, Yu? (A.3.10.j)

3.11 *teles*

1. Kathok sira kok *teles* kabeh iku apa ngompol, ta Le? (A.3.11.a)
2. Sapa sing nyeleh *telesan* iki mau? (A.3.11.c)
3. Sandhangane ajo *ditelesi* lho Le, sebab saline durung garing. (A.3.11.e)
4. Wah, mbako reyang *ketelesan* uyuh tikus mau wengi! (A.3.11.f)
5. Sapa sing *nelesi* mbakoku mau? (A.3.11.g)
6. O, iku mau *ditelesi* Yu Tun nganggo cukak, Pak. (A.3.11.h)
7. Sadurunge dirajang, mbakone *telesana* dhingin. (A.3.11.i)
8. Nek rika wani *telesi*, adik rika ya mesthi wani. (A.3.11.k)

3.12 *gedhe*

1. Gedhange samene iki kurang *gedhe* paran ora, Yah? (A.3.12.a)
2. Nek samene iki *kegedhen* apa ora? (A.3.12.c)
3. Rika apa arep *nggedheken* totohane Parno, ta Dul? (A.3.12.d)
4. Karo maneh *gedhene* pira ae ya percuma, Kang. (A.3.12.f)
5. Ora apa-apa, Dul. Nek wani *gedhekna* ae! (A.3.12.g)
6. Ya. Pancen reyang mau ya arep *gedheken* radio iku, ko. (A.3.12.j)

7. O, lha *digedheken* kayak apa ya ora isa wong batune entek ngene. (A.3.12.k)
8. Wah, iku mung omonge ae sing *menggedhe*, tapi ora ana ujude. (A.3.12.m)
9. Pardi arep *gedhe-gedhean* weteng karo Parno. (A.3.12.o)
10. Karo maneh *digedheni* pira ae ya percuma, Kang. (A.3.12.f)
11. Lha *gedhea* segunung anakan nek dibal Anoman mesthi kontal temenan. (A.3.12.m)

3.13 *cilik*

1. Iki sarung gedhe apa *cilik*, Yem? (A.3.13.a)
2. Gedhe, Kang. Jare rik sarunge sing biyen wis *keciliken!* (A.3.13.b)
3. Sapa sing *nyiliken* lampu kiyi mau, Yem? (A.3.13.d)
4. Isun, Kang. Malah tulung *cilikna* thithik engkas, Kang! (A.13.3.e)
5. Ora apa-apa. Tur *diciliken* maneh wis ora kena, kok Yem. (A.3.13.f)
6. Rika biyen *cilike* apa ya ngopolan kaya Sri ngene iki, ta Yem? (A.13.3.g)
7. Nek totohan *cilikan* ae, lho Dul! (A.3.13.j)
8. Wah, lha *cilika* samono wong gik kalah karo Parno ngono, lho. (A.3.13.k)
9. Pancen *cilik-cilike* ula iku gik kalah karo cacing. (A.3.13.m)

3.14 *amba*

1. Kamar turone semene iki kurang *amba* apa ora, Rus? (A.3.14.a)
2. Cukup, Kang. Ra sah *diambaken* nek nggo turon ae. (A.3.14.b)
3. aja, Kang. Mengko mundhak *kamban* malah kadhemen. (A.3.14.d)
4. Tapi bapak ngotot karep *ngambaken* maneh, lho. (A.3.14.e)
5. Ra sah, Kang. Soale *ambaa* kaya apa wong ya mung nggo jigar awake dhewe ae, lho. (A.3.14.f)
6. Lha luwung kamar tamune iku ae lho, Kang *ambakna* thithik engkas. (A.3.14.g)
7. Jare bapak *ambane* kamar tamu iku digawe pira, ta? (A.3.14.i)

3.15 *adhem*

1. Riko krasa *adhem* apa ora, Kang? (A.3.15.a)
2. Wong pikiran lagi sumpek ngene masia *didhemen* pinglima ya tetep sumpek, Kang. (A.3.15.e)
3. Upamaa ora *didhemdhemi* Wak Dul ngono, rika mau apa arep nglabrak

Pak Carik, Kang? (A.3.15.f)
4. Iya. Tujune Wak Dul kok pinter *ngedhemi* ati reyang. (a.3.15.g)
5. Bathuk reyang sing panas iki tulung *adhemna*, Tun! (A.3.15.i)
6. Bathuk reyang sing panas iki tulang *diadhemi*, Tun! (A.3.15.i)
7. Sumuke kok jamak ngene iki hotel kene apa ana *adhem-adheme* ta, Pak? (A.3.15.k)
8. Ayo nek ngono *ngadhemen* pikiran ring senthong tengah ae! (A.3.15.d)
9. Nek reyang *kadhemen* kaya apa ora bakal katisen. (A.3.15.o)
10. Ajo nyang *dhemdheman* lho Ndhuk!. Sira gik pilek. (A.3.15.m)
11. Iya, ki Tun. Enake nek *adheme* ngene iki ngapa, Tun? (A.3.15.b)

3.16 *panas*
1. Lha dhasar Pak Sakerah iku *panas* aten, ya njut muntab ngono wae. (A.3.16.h)
2. Kok kadhingaren hawane *panase* banget ngene, ta. (A.3.16.h)
3. Iya. Reyang nganti rumangsa *kepanasan* lho, ring kene iki. (A.3.16.b)
4. Tapi bocah-bocah iku kok betah ya dolanan ring *panasan* ngono. (A.3.16.c)
5. Darna iku pancen *manasi* ae ati tenan, kok. (A.3.18.e)
6. Wah, ya ra kena *dipanasi* tenan ngono iku! (A.3.16.j)
7. Nek Sarmo iku *dipepanas* kaya apa yang tetep jas-jasan ae. (A.3.16.p)
8. Wa lah, wong pancen jangan ora enak ae *panasana* nganti gosong ya tetep ora enak. (A.3.16.n)
9. Nek Sarmo iku *panasa* kaya apa ya tetep jas-jasan ae. (A.3.16.p)
10. Mur, jangane iki *panasna* dhingin kepekne enak! (A.3.16.k)

3.17 *peteng*
1. Jabang bayi! Omah kok *peteng* dhedhet ngono iku ana wonge apa ora, ta? (A.3.17.a)
2. Ana, kok Dar, Omah iku kepekne wengi pancen mesthi digawe *petengan* ngono iku kok. (A.3.17.b)
3. Ra papa, wong rika pancen dadi *kepetengan* desa kene ae, lho. (A.3.17.g)
4. Tun, *petenge* ngene ajo nggrayahi sing ora-ora, ta! (A.3.17.h)
5. Lha ra ketok, lho Kang. Mulane ta ajo *metengi* ian. (A.3.17.i)
6. Wa lah *petenga* kaya apa nek wong loro ngene iki ya ketok ae. (A.3.17.k)
7. Kang, lampu njaba iku urubna, tapi senthong tengah kene tetep

petengna ae! (A.3.17.l)
8. Ana wong nginjen, Tun. Rika *petengana* ..... kana lho! (A.3.17.n)
9. Ya salah rika dhewe kok gelem *dipetengi*. (A.3.17.j)
10. Ya salah rika dhewe kok gelem *kepetengen*. (A.3.17.j)

3.18 *wedi*
1. Nek ngono ae ra wani iku pancen ya *wedi* temenanan. (A.3.18.b)
2. Jarene kuburan iku panggonane *memedi*, ta? (A.3.18.c)
3. Akeh *wewedeni* manuk ring tegalan ngisor kana. (A.3.18.d)
4. Mau wengi reyang *diwedeni* gendruwo ring kuburan kulon kana. (A.3.18.e)
5. Rika nek mendelik ngono itu *medani* wong, lho Pak. (A.3.18.f)
6. Dar, Paitun iku *wedenana* uler ngono ae engko ora semaput. (A.3.18.i)
7. Tak jaluk rika *wedia* nyang siang kuwasa. (A.3.18.k)

3.19 *wani*
1. Ajo pisan-pisan nduweni sipat "*Wani* silit wedi rai". (A.3.19.a)
2. Dheweke pancen *kewanen* weden tenan, ora duwe wedi babar pisan. (A.3.19.b)
3. Wong nunggang jaran ae kok wedi, ta le. Wis ta *wanenana!*. (A.3.19.b)
4. Masia ora duwe wedi, tapi nek njur Carik barang ditantang iku ya jeneng *maneni*. (A.3.19.f)
5. Dadi petinggi ajo mulang sarak supaya ora *diwaneni* rakyate. (A.3.19.i)
6. Tapi nek karo kaya ngono iku *wania* ya percuma. (A.3.19.m)
7. Dheweke arep njajal *kewanenane* ring kuburan. (A.3.19.m)
8. Ya Yu Parmi iku sing *maneken* reyang nunggang jaran. (A.3.19.k)
9. Masia ora duwe wedi, tapi nek njur Carik barang ditantang iku ya jeneng *kewanen*. (A.3.19.f)

3.20 *seneng*
1. Ya *seneng* ae nek diwehi, Kang. (a.3.20.b)
2. Tapi jane *senenge* kaya sing sijine iku, Kang. (A.3.20.c)
3. Lho, jare rika *nyenengi* reyang temenen! (A.3.20.f)
4. Tapi *senenga* kaya apa nek sing iku reyang ora kuwat, Rus. (A.3,20.g)
5. Lho, jare wong lanang kudu isa *nyenengen* atine wong wedok! (A.3.20.i)
6. Pokoke *disenengen* dhingin ati rika ring kene iki Kang! (A.3.20.n)
7. Iku gampang, Kang. Saiki sing penting *senengna* isun dhingin. (A.3.20.p)

8. Ajo dumeh rika tau *diseneng-seneng* kemasan, njur reyang rika anggep kaya dheweke. (A.3.20.h)
9. Jagung bakare, Kang. mumpung ana kene ayo *taksenengen* nganti katok. (A.3.20.m)
10. Tapi jane *senengan* kaya sing kiyi, Kang. (A.3.20.c)
11. Tapi lha nek kiyi rak *kesenengen*, wong kiyi bobote sakilo punjul. (A.3.20.e)
12. O, *kesenengan* rika sing ngene kiyi ta, Rus? (A.3.20.d)

3.21 *isin*

1. Reyang *isin* Kang, nek rika nganggo klambi kiyi. (A.3.21.a)
2. Ah, dadi wong iku mbok aja *isinan* ngono, ta! (A.3.21.b)
3. Ya ora ngonone, Kang. Tapi rika engko apa ora kuwatir nek *diisin-isin* wong akeh? (A.3.21.c)
4. Ora apa-apa. Terus sing penting resik. Wong-wong sing maido iku sok rak *kisinan* dhewe. (A.3.21.d)
5. Masia ngono wong jare dadi Carik nek njur klambine kaya ngono iku rak *ngisin-isini*, Kang. (A.3.21.e)
6. Wis ta, ora-ora nek ana wong sing wani gawe *isine* reyang. (A.3.21.f)
7. Mbok ajo *ngisin-isin* wong ngono iku, ta Kang. (A.3.21.j)
8. Ah, dadi wong iku mbok ajo *isin-isin* ngono, to! (A.3.21.b)

3.22 *jembar*

1. Seumpamane *dijembaren* pitung meter maneh mesti montor-montor bisa salipan sakenak-enake kathik ngurangi kecelakaan. (168)
2. Nek ngono, *jembarna* dalan-dalan sing ciut. (167)

3.23 *slamet*

1. Terus pujan kapitu, iku *nylameti* dhukun. (B.5.b)
2. Terus mudhun *slametan* nggone tutupan iku. (12)

3.24 *payah*

Saking *payahe* reyang kosi keturon nang kursi. (A.2.3.e)

3.25 *ruwet*

Nang daerah kawasan Tengger nanak *kruwetan*. (8.23)

3.26 *bolong*

Sadurunge dibuntel sangang *bolongan* disumpeti kapas. (b)

3.27 *rata*

Ana sing nyandhak kayu, ana sing ngusung wedhi, ana sing *ngrataken* lemahe. (8.14)

3.28 *suci*

Mayite didusi nganggo banyu *pesucen*. (d)

3.29 *apik*

Nek *apike* gagane tandurana mbako ae. (A.2.1.c)

3.30 *aneh*

Wong meteng iku kadhang-kadhang kedoyanane *aneh-aneh*. (1.b)

3.31 *dhiluk*

1. Nek nyambangi bojo kok mung sewengi iku apa ora *kedhiluken*, ta? (A.4.6.c)
2. Reyang arep nuroken awake reyang *sedhiluk*, ya. (A.2.3.i)

3.32 *tengen*

Ajo menggok *nengen* lho, iku dalan buntu. (A.4.4.a)

3.33 *sisih*

1. Man, lare-lare kongkonen *nyisih* ae, ora usah ngrewangi. (A.4.2.a)
2. *Nyisiha*, kape ora ngedhang-ngedhangi dalan (A.4.2.e)
3. Sing klambi iji iku, *sisihe* sapa se? (A.4.2.h)
4. *Disisihen* nang ngendi ae barang kiyi tetep ngregeti. (A.4.2.g)

3.34 *durung*

Sakdurunge tahun 1960 nang desa-desa mau durung ana sing kenek diliwati kendaraan utawa montor. (3.1)

3.35 *jero*

Sajerone rong tahun dalan wis kenek diliwati montor. (3.11)

3.36 *kulon*

1. Lho, *ngulon* nang ngendi, ta Pak? (A.4.3.e)
2. Saktemene dheweke wong *kulonan*. (A.4.3.b)

3.37 *pinggir*

1. Nek wis sirapaculi, engko galengane *pinggirana*, ya. (A.4.1.d)
2. Ayo, ndang *minggira! Ana* montor ika, lho. (A.4.1.b)
3. Wis, ajo *minggir* nemen-nemen galengane. (A.4.1.h)

3.38 *isor*

1. Mau bengi reyang turu *isore* lincak. (A.4.5.f)
2. Nek rika omong-omongan karo pamak reyang apike *ngisorana* ae. (A.4.5.b)

3.39 *dhuwur*

Sing takarane nang dhuwur mau rata-rata 5 km *mendhuwur*. (2.2)

3.40 *pisan*

Reyang mulih nang mbok wek mung sewulan *sepisan*. (A.2.7.c)

3.41 *pindho*

Rika iku kok mesti *mindhoni* gawe ngono, ya. (A.5.2.d)

3.42 *wayah*

Carane *wayahe* nggarap pada karo sing takcritaken ing`nduwur mau. (4.3)

07-3899

91-7153

499